

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA-TAMA:		
1 taoen	f 6.—	
1/2 "	f 3.—	{ njoewoen ka-
3 woelan	f 1,50	bajar roemijn.
Kénging mbajar sabenwoelan		
RAGAD ADVERTENTIE:		
1 katja	f 36.—	
1/2 "	f 18,65.—	
1/4 "	f 9,75.—	
1/8 "	f 5,25.—	
Saladjengipoen: saben 1 cm ²	f 0,03:	
sekedik - kedikipoen: f 1,50.		
Kabar premili alit - alitan: f 1,-		
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijn kalijan administratie.		

KOERSI RAAD VAN INDIË.

T. WELTER, MOEDA-PANGARSA, SÈLÈH; T. BODENHAUSEN,
BEZUINIGINGSDICTATOR ANGGENTOSI;
T. HILLEN, KÈNDEL.

Minggoe kapengker, koela njari-josaken badé kèndelipoen Goepernoer Djéndral Jhr. mr. A. D. de Graeff.

Anjarengi lalampahan badé kèndelipoen Ingkang Witjaksana waoe, ing gedong Raad van Indië, inggih wonten galagat ingkang bokmanawi sasambatan kalijan badé kèndelipoen G. G. de Graeff.

Delér Welter, vice-president Raad van Indië, sakedap engkas kèndel saking anggènipoen ngasta moeda-pangarsanipoen R. v. Indië. Déné ingkang tjalon anggentosi toewan Bodenhausen, ingkang wonten kalanganing tijang katah pikantoek parabán bezuinigings-dictator, inggih dictator prakawis pangiridan.

Loenggoehipoen t. Bodenhausen wonten Raad van Indië, anoewoh-aken gagapan kalih warni.

Tetijang katah ingkang mastani bilih t. Bodenhausen poenika sakabatiipoen jhr. de Graeff ingkang pengpengan. Dados, tegesipoen, sadjan t. de Graeff sampoen nilar, Indonesia, sampoen boten ngasta pangoewasa wonten ing ngriki, nging politikipoen taksih wonten ingkang naloerékaken.

Kadjawi poenika, röhne t. Bodenhausen poenika bezuinigingsdictator, amila lenggahipoen wonten Raad van Indië bokmanawi badé andajani saja landepipoen pedang bezuing, kangé ambabadi pakarjan-pakarjan nagari ingkang kenging dipoenirid.

Edeeler (Delér) Hillen, goepernoer sapisanan Djawi Kilén, inggih boten saged angladjengaken loenggoeh wonten Raad van Indië. Anggènipoen makaten waoe, margi roemaos dipoenloempati t. Bodenhausen, boten kaangkat dados moeda-pangarsa, anggentosi delér Welter.

Lalampahan ingkang angènggingi sariranipoen t. Hillen poenika inggih dados raos wonten madyaning djagad politiek.

Tétela sanget, bilih t. Hillen prajagoeng tjaek, boten kawon bokmanawi kepala malah menang tinimbang t. Bodenhausen. Kénging poenapa déné ngantos nemahi lalampahan dipoenlangkah makaten poenika?

Pandjenengan taksih kéngetan, bab palapoeranipoen t. Hillen kala dinawoehan regeering aniti priksa kawontenanipoen tanah pasétran ing Digoel.

Inggih palapoeranipoen delér Hillen poenika ingkang andjalari won-tenipoen tijang boetjalan Digoel wonten ingkang kawangsoelaken.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

rama Redacteur dalah kangmas Andaja waoe.

Poen adik Narajana ing Sw. Tm. no. 46 taoen 10 sampoen naté tjirosi: Jén djagading journalistiek mekaten kenging kawastanan goeroening ra'iat, ingkang saged moeter haloeaning ra'iat." Mila kesinggihanmekaten. Laning riki koela inggih saged matoer: Jén djagading journalistiek mekaten oegi presasat dados djoeroe pangreksaning kawiloedjengan saha katentremantan ra'iat, djoeroe pepadanging ra'iat, saged nenoentoen saha nening dateng kemadjenginan ra'iat.

Presasat dados djoeroe pangreksaning kawiloedjengan saha katentremaning ra'iat, liripoen: dados tamèng, saged nanggoelang panem-poehipoen mengsa oetawi damel conclusie kanggénipoen kawontenan-kawontenan ingkang badé ndjali risak, tjlaka lan kemoendoeraning ra'iat.

Djoeroe pepadanging ra'iat, liripoen: saged soeka pirembag, soeka margi lan soeka keterangan kanti dedasar ingkang maton, njata, terang, kanggénipoen poenapa-poena ingkang dipoenbetahaken, dipoenremeni¹) oetawi ingkang saweg dipoen-gatosaken déning ra'iat.

Saged nenoentoen saha nening dateng kemadjenginan ra'iat, liripoen: saged damel actie, bab oetawi artikel-artikel lan saged soeka margi, ingkang toemoesipos saged nenoentoen lan nening dateng kemadjenginan oetawi kabegdjaning ra'iat.

Ingkang mekaten waoe, saréhning djagading journalistiek kenging kawastanan goeroe ingkang saged angébahaken lan moeter kekadje-nipoen ra'iat²) (zie oréhanipoen poen adik Narajana ing Sw. Tm. no. 46 taoen 10), dados sampoen mestinipoen jén ta katindakaken mawi dedasar ingkang maton, sah lan medal margi ingkang leres.

Awit jén boten: maton tertamtoe namoeng badé damel bingoeng lan moemetipoen ingkang maos kémawon. Langkoeng-langkoeng jén ngedalaken poenapa - poenapa ingkang namoeng waton ngabroek, toer ke-pandjangan.

Jén boten: sah, liripoen: taksih godjag-gadjeg, taksih mamang, poenika inggih namoeng badé damel bingoeng lan moemet kémawon. Jén boten: medal margi ingkang leres, tertamtoe malah namoeng badé damel risak, bibrah, tjlaka lan ndjoloengopaken tijang pinten-pinten dateng telenging djoerang tjeroeng. Lha, mekaten poenika kenging koela wastani journalistiek pandjungan: Joeoeoeoeedaaa

— o —

Ta, para sedérèk. Ambak-ambak jén ngémoeti, tijang dados journalist oetawi njerat ing serat kabar mekaten, rak ageng sanget tanggelan-ipoen lan sanès pendamelanipoen laré alit. Awit apesipoen kedah katal pengalaman-pengalaman (eravaring) lan katah kawoehipoen (algemeene ontwikkeling), ageng-ipoen kedah kendel, prawira, wan-toen nanggel lan boten miris nged rahiipoen, jén wonten keréwé-lanipoen³). Rak inggih mekaten ta?? — Pramila inggih leres sanget kenggénipoen para noepiksa katah ingkang sami ngendika: Jén pendamelaning journalist mekaten (toe-

N. B.

1) Ingkang dipoenbetahaken, dipoenremeni, sampoen ngantos teka ladeng kléntoe tampi: kanggénipoen, rembag, margi lan keterangan, toemraping poenapa-poena ingkang nenoentoen tindak saree, ect.

2) Katah ingkang sami tjirosi mekaten: De journalist kan eenige menschen op den eenige tijd als een gek houden. (Is that good mistress S. lid R. K. D. B.?)

3) Mila ingkang katah ladeng awatak: tidak pandang bangsa!!

(S.)

Hoofdredacteur:
A. DJAJASE POETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrespoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.
Drukkerij „Canisius“ Djokja.

I SINIPOEN:
Koersi raad van Indië — Dadosa panggalihan enz. — Zending kalian Missie — Pitepangan — Page-mén — Économie 1930 — Ing sapoe-tjaking panggoeng économie enz. — Adegiopoen Credit enz. — Wigatos sanget — Semprot — H. I. S. taksih dipoenadjengi — Jésoes anaké Joe-soep — Pakabar saking pakem-palan — Wawasan boekoe — Ontjén sekar gamb'r melati — Kabar saking Betawi — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Koerban Merapi.
Serat kabar Walandi, Het Nieuws van den Dag, Nembe poenika ngéjté kabangsaniipoen Indonesiërs. Amastani, dana - dana kanggé Merapi saking kalangan Indonesiërs pijambak ingkang dipoenklempekaken serat-serat kabar Indonesiërs boten sapinten angsalipoen. Taksih kawon katalan kalijan dharma ing pers Tionghoa. Saja manawi katanding kalijan dharma ingkang kalempekaken ing pers petak, saja kawon katalan sanget.

Prakawis poenika pantjén inggih makaten.

Inggih leres tatandingan kasoe-gihan kita, kawon katalan bangsa Eropah toewin Tionghoa. Nanging, bangsa kita ingkang soewidak miljoen katahipoen poenika, manawi poeroen njamboet damel langkoeng mempeng temenan tinimbang sappoenika, manawi langkoeng ang-groet anggènipoen ngatingalaken activiteit-ipoen, poenapa boten saged pers - pers kita anglempakaken arta darma sakedikipoen sa - esèn kaping 60.000.000 alijas f 600.000.

O . . . sajang, . . . seriboe sajang, déné ngantos dipoenetjé makaten.

Mangka, . . . ingkang kasangsaran bangsa kita pijambak, toer angleresi megar-megaripoen raos kabangsani.

Mila, mangga leres aktiviteitipoen sami kaindakana!

Gandeng kalijan dana-Merapi poenika, wonten saprakawis ingkang kedah koela lahiraken ing ngriki, Ingghil poenika :

„Ing djaman awis arta poenia, djamanipoen katah gadoe-nagan arta perloe sangat.

a. Tijang sampoen goemampil poeroen angisèni lijst dharma ingkang njala wados, tegesipoen tanpa tanda-tanda bilih lijst waoe saking péhak komité, oet. babagan ingkang pantjén sampoen kakaewaosaken nariki dharma.

b. Perloe sangat, bédjing sa-rampoenging perloe, komité ageng anjoekani pétangan toemandjaning arta dharma. Saja saé manawi wonten tijang djawi ingkang kapeorih nek-seni.

Atoer koela makaten poenika boten ateges, koela njanggaroenggèni pri-jantoen - prijantoen ingkang sami lenggah wonten komité ageng. Nanging mligi, anggèngèni padatan saé ing salebetipoen pranatan pa-njamboet damel.

Prendjak Mataram.

missie, babagan poenika, langkoeng mempeng, margi sampoen sawatawis lami ing Djawi Tengah sampoen wonten pastoer Djawi.

„Kados-poendi tangkepipoen go-longan kabangsani katalian zending toewin missie? Oemoepoen taksih sami passief. Poenapa saladjengi-poен inggih badé teroes makaten, poenika namoeng djaman bédjing, toekomst, ingkang narboekani. Sa-kolahan-sakolahan poenapadéne grija-grija sakit ingkang toewoh saking pakarjanipoen missie toewin zending wonten laladan sociaal, sami ingakanan ing golongan nationalisten: jajasan ingkang migoenani. Nanging, ba-koen-ing sedyanipoen aangristenaken tijang won-

PRADJA RAHAJOE.

DADOSA PENGGALIHANPOEN
PARA NGARANG ING SERAT KABAR
KITA KATHOLIEK INDONESIA.

(wawasan journalistiek)

Sareng poen dének S. ing Png. (sampoen ngatos kléntoe tampi oetawi dipoenwas-tani njamèni tje kakaning asmanipoen made moiselle (nonah, dèn rara) S. lid R. K. D. B., lol) nembe poenika, wonten ing Sw. Tm. no. 49 taoen 10 mireng pengandikanipoen rama Redacteur: oegeripoen para sedérèk pembantoe sami saroedjoek ngeodi njaèk-

NGATOERI PIRSA

dateng sedaja aandeelhoudersipoen

VERBRUIK-COÖPERATIE B. K. ing MEDARI.

Menawi bêndjing 2e Zondag 8-2-'31 djam 9 éndjing B. K. badé damel jaarvergade-ring, manggén ing Standaardschool Medari. Ingkang poenika sedaja aandeelhouders koela atoeri merlokaken rawoeh.

TOKOHOUDER Kr.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

Parepatan P.P.K.D. — K. W. Blitar 11-1-'31.

Parepatan kabikak kados adat djam 9.30 éndjing déning pangarsaning P. P. K. D. sadérèk R. C. J. Hardjasalasa. Ingkang rawoeh kadjawi Rama Parapara K. W., warga P. P. K. D. lan K. W., pangarsaning jeugdvereeningen: Palopei Darma tjabang Blitar, Krida Witjara Johannes Gabriël, Tooneelclub H. I. S. J. Gabriël lan sadérèk Katolik sanésipoen sawatawa.

Ingkang dadas wosing rembag: kasangsan redi Merapi. Sadaja tjoetjog wontenipoen na saking sadérèk Katholieke. Réhning sarana ngideraken lijt pinanggih boten prajogi, djalaran sampoen badé kaideraken saking Comité ageng ing Blitar; lan ngwontenakan tonil inggih boten saged toemindak, margi ing Blitarsampoenkatah wontenring tettingalan, mla pinanggihing rembag namoeng dana mendet saking kasing pakempalan-pakempalan Katholieke ing Blitar lan nedani dana-dana dateng sekolah-an-sekolahan J. Gabriël Stichting.

Ingkang sampoen tjeta badé oeroendana:

P. P. K. D.	f 5,—
K. W.	f 7,50
Palopei Darma + warga P. D.	f 4,02
Tooneelclub	f 2,50
Warga Krida Witjara	f 0,745
Sekolah Tandoeng Sari	f 0,75
" Karang Nangka	f 0,75
" Soekaredja	f 0,50
" estri Bendagerit	f 0,55

Katahing dana ingkang sampoen temtoe f 22,315 Déné arta dana badé kalebetaken dateng Comité Ageng ing Blitar. Ingkang kapilih nampi lan nglebetaken arta dana sadérèk R. S. Rahadi, H. I. S. Joh. Gabriël. Sasamponing poenika parepatan katoeop ± djam 10,30 nganggé ngloehoeraken asma Dalem Sang Kristoes.

R. S. R.

K. W. MOENTILAN,

Jaar-leden-vergadering nalika tg. 18 Jan. '31.

Manggén ing K. W. gebouw—wiwit djam 10.15.

Ingkang rawoeh: pandjenenganipoen Rama G. A; Pangreh 6, warga 16.

Parepatan dipoenkemoedeni sad. Moedapangarsa (pandi): Hr. R. J. Djaja-Atmadja).

Sasamponipoen parepatan kabikak kados adat—Parepatan kendl 1 menit—sadaja sami djoemengen—njenjoewoenaen soekmanipoen para sadérèk ingkang sami nandang papa—déneng koerdanipoen redi Merapi.

Rembag ingkang perloe-perloe. I. Maos notulen tg. 11-12-'30—kapinggih absah.

II. Verslag-taogenan.

1. Warga 1929 = 37; warga 1930 = 40.

2. Parepatan pangreh kaping 4.—warga kaping 5.

3. Arta mlebet taoen '30 = f 126,65 saldo taoen '29 = f 40,86. gg. = f 167,51.

arta medal taoen '30 = f 142,05. saldo taoen '30 = f 25,45.

4. Harta-Daja. Saged gesang soeboer lan tretem, sanget moerakabi lan katah pitoeloenganipoen dateng gotrah Katholieke. Wiwitang th. 1931 sampoen gadah banda f10.540,73; batu resik wonten f582,03, saged njoeckani dividend 8,4%, saged dana dateng: Seminari F 20, grijia sakit Moentilan f10, grijia sakit Bara f10.

5. Pangroekti-Laja. Saged madeg

saé, santosa; kasoeghanipoen ingkang woedoed arta wonten f 237,07; peti 3 à f 15; kadjeng regi f 125.

6. Comite pasarejan Pépé—oegi sampoen toemandang, matjak pasarejan, taoen poenika taksih gadah arta sedjan f 40.

7. O. K. K. kabeka saking alangan warni-warni, taoen poenika ngaso.

—o—

Pendamelanipoen K. W.

1. Ngawontenaken pista kanggé moeljakan rjadi wijosan Dalem Sang Christus. 2. Ngawontenaken pista lan algemeene Commune kanggé moeljakan S. Joesoef. 3. Ngawontenaken afscheidfeest kagem sad. R. Hadi-Widjana sagarwa-poetra, tindak Betawi.

4. Ngawontenaken afscheidfeest kagem sad. M. Marta-Soedarma sagarwa-poetra, tindak Betawi.

5. Pados dana kanggé Gréja Somaitan.

6. Miwaha rawoehipoen Rama Pastoor Djaja-Sepotra lan Rama Pastoor Soekiman wonen Moentilan.

7. Réka daga ngatoeri Rama P. Ten Berge, sesorah bab agami Islam.

8. Ngwontenaken blablag kanggé njedijani sadaja pakempalan.

9. Damel Comite ingkang tinanggenah manggoen tata tjara Katholieke.

10. Damel Comite ingkang tinoeding mbangoen pasarejan Pépé.

11. Ngwontenaken ping—pong kanggé para warga—lan njaaeken tatatanan sambonet-kapsambot barang K. W.

III. Pilihan Pangreh. Angsal-ang-salanipoen.

1. Sad. R. J. B. Widya-Soevana—Pangarsa. Sad. R. J. Djaja-Atmadja—Moeda-pangarsa.

2. Sad. S. Dirdja-Soesiswa—Panitra. 3. Sad. P. C. Dwidja-Joewana—Hartaka.

4. Sad. R. M. Soerja-Moersandi — noepika. 5. Sad. M. P. Hardja-Wasita — noepika. 6. Sad. R. J. Darma-Atmadja — noepika. 7. Sad. R. St. Adi-Soemarta — noepika. 8. Sad. M. Hardja-Soekarta — noepika. 9. Sad. Mich. Hardja-Soemarta — noepika.

IV. Oetoesan. Ingkang kapilih dagejiks-best. (3) lan Hr. R. J. Djaja-Atmadja. V. Oesoel-oesoel.

1. Njoewoeno soepados P. K. W. ngwontenaken Commissie, ingkang njinae bab "Katholieken-dag."

2. Njoewoeno soepados P. K. W. oesoel dateng Bestuur-Canisius, soepados Bestuur-Canisius menggalih indakng algemeene-ontwikkeling lan Katholieke-actie dateng para sad: goere Doezen.

3. Menawi P. K. W. badé nawontenaken pilihan Pangreh, njoewoeno soepados Pangreh lami adieg.

4. Njoewoeno soepados P. K. W. setijara, ngentengaken pandamelanipoen sad. Penningmeester R. W. soepados pandamelanipoen saged rantjag (toelichting-oetoesan).

—o—

VI. Radioomroep, ingkang kersa dadas warga wonten 13. (14 kalijan K. W.) K. W. oegi dadas warga kadjawi poenika K. W. taksih badé padas tambah malih strana njideraken lijt dateng sad. sanésipoen. K. W. ambeno Selateurs 2 kanggé warga R. O. R. ingkang dédi warga K. W. inggih poenika Hr. R. M. F. Soerja-Moersandi lan Hr. R. St. Adi-Soemarta.

—o—

Ing wasana djam 1.10 rembag sampoen rampoeng—katoetoep kados adat

Panitra K. W.

D.

Jejasan énggal poenika
sagedipoen madjeng
goemantoeng dateng
pandjenengan
sada

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e Convict.
Moentilan N. I. S.

nuerskantoor, grija gedong ageng, kina. F, poenika poengkasan margi stoom trem, saking poengkasan sanésipoen (Meester - Cornelis), tebihipoen 15 K. M. oetawi 2 pos, saking Kate draal oetawi Kantor Pos Weltevreden: 7½ K. M. oetawi 1 pos.

Siang Po [E], sami-sami tri-Po waoe klebet ragil, eném pijambak, lan kantoripoen oegi pesadja pijambak.

Déné C, poenika Sin Po, sami-sami "tri-Po" klebet sepoeh lan didjaja pijambak, kertas saé, druk énggal, isi katah, pepak, toer mawi gadah Chineesche editie [B], ingkang saben editie ageng lan regi-nipoen sami kalijan Bintang Timoer, *) wewah taksih gadah welketjikkse editie. Hoofdredacteur ipoen Kwee Kek Beng, ingkang kala-kala njerat wonten Koloniale Studien, lan ing semoe radi kerep dipoenpléroki kantja Tiong Hwa ingkang ngaken kentjeng nationaliteitipoen, margi anggénipoen kerep katingal sajoe k alijan golongan Eropa oetawi Pamárentah.

D, poenika setasijoen Betawi, ageng, kobèt, modern toer taksih énggal, mangkoe aloen-aloen ingkang njekapi wijsariopo (garis tjörék-tjörék).

Garis tjörék-tjörék tjlak E—G poenika gedong ageng modern, semoe tjéngkok Djerman, isi toko lan kantor-kantor makelaar sarta kantor toko ingkang ageng-ageng.

*) Koran poenika tebih saking doe-

noenging Po-Po-Po poenika, wonten Weltevreden, tjaket Melaniaschool Ian Stan-

daardschool Katholieke; (Patr.).

badan, lan bokmanawi ing-

gih boten badé saged kaleksan, saged manoeng-

gilaken, ngroekoenaaken, nresnakaken bangsa sami

bangsa kranapiwoelang Kristen ingkang saé poenika

salebetipoen 20 abad. (Het is het Westen althans nimmer gelukt en wellicht ook nimmer gelukken zal de schoone leer van het

Christendom sedert welhaast 20 eeuwen lang vrede, liefde en een-

heid onder de volkeren te brengen).

Kosok wangsoeliipoen angsal-ang-

salipoen malah tjrah, kasangsaran,

perang lan kasoedanan: (— Ning

boten kenging manawi tjiang na-

moeng njawang awonipoen kema-

won. Lan malih; poenika boten mar-

gi anggénipoen nglampahi, na-

ging mergi b o t e n poeroen nglam-

pahi piwoelang Katolik! Bangsa

Kilèn boten sadaja Katolik, lo! Pak

T y o n .

Manawi kasawang mligi

saking gegaoehan kabangsan, sokoer déné sawenéhing pang-

génan ingkang inggih sanadjan ti-

narboekanipoen margi dajaning mis-

sie toewin zending, tetijangipoen sa-

kking sakedik sami anglawan aksi-

nipoen zending. Zending toewin missie waoe sami boten angenèni

pangadjeng - adjeng ingkang dipoen-

ganta-ganta.

(— Missie sampoen ngenèni ing-

kang dipoenkadjiengaken, jén kanja-

tan ingkang dipoenlantarkaken ka-

tampi saha katindakaken — P. T.)

Manawi kasawang mligi

saking adeg politik, manawi

kiti kepeksanipoen ke-

dah milih salah satoeng-

galipoen, awon sami awon,

kita badé saged angsal

pambijantoe saking Pasamoe-

wan Katolik tinimbang

zending Protestant. Praktijkpoen

soeka piwoelang, bilih Rome

langkoeng democatisch, langkoeng soepel (lemes, aloes, na-

ning rosa, santosa, kijat). Parténi-

poen politik saklangkoeng kijat, lan

ingkang tansah ambakoni wonten

parlement Nederland poenika

inggih parté Katolik. Inlandsche

meerderheid, poenika sakawitipoen

kabatalaken déning golongan Katolik

srékan, ora dadi ngapa. Jén ora nongo djagadé moendak tjeplang". Hem, padoen wong demen padoe. Lali jén gésrékan kang nganggo gelasan ikoe bisa medotaké enggoné sadoeloran!

Sepening katesnan asring mahani wontenipoen *egoisme* (betahing-pijambak). Egoisme ingkang sanget, asring damel risaking pitepangan, tjeongkrahing sesedérékan, bibaring pakempalan, awit wohing egoisme ingkang langkah garis waoe, poenika awoedjoed piawon warni-warni, kadosta: drengki, méri, oemoek, panas-tén, tegelan, owelan, tjetil, patnjad, panggreneng, pangérang-é-rang lan sanès-sanèsipoen.

Egoisme seneng *pangkat*. Boten rila ningali tjiang sanès ingkang sami pangkatiplen, poenapa malih ngoengkoeli. Menawi wonten ingkang ngoengkoeli, ladeng pados akal kadospoendi sagedipoen badé ngedakaken graad-ipoen, inggih poenika sarana panatjad lan sanès-sanèsipoen.

Egoisme seneng *titel*. Boten remen ningali prijantoon sanès ingkang sami titelipoen, poenapa malih ingkang ngoengkoeli. Menawi wonten ingkang ngoengkoeli, inggih ladeng pados akal sagedipoen *njoerremaken* sorotung prijantoon waoe, oepami sarana ngobrol, jén prijantoon waoe saëstoipoen dédé.... namoeng.... kémawon.

Egoisme seneng *kasoegihan* (barang-darbé). Boten lega soemerep tjiang sanès njaméni oetawi ngoengkoeli kasoegihanipoen.

Ingkang njaméni poenapa malih ingkang ngoengkoeli, temtoe dipoen-éwani, dipoen-grenengi, dipoen-oenda-mana lan sanès-sanèsipoen; maksoedipoen soepados sadaja pangalem dawaha ing badanipoen pijambak.

Egoisme boten *adil*. Panimbang ing sadaja prakawis temtoe awrat-sisih. Gadahanipoen pijambak temtoe kaanggep saé, lampahipoen pijambak: leres, anakipoen pijambak: bagoes, pinter, anteng, boten nakal lan sanès-sanèsipoen.

Egoisme boten seneng *ngedalaken jatra*; sanadyan perloe pisan. Mila ladeng: tjetil, boten seneng dateng dana:(derma)boten remen teteloeng, woesana ladeng tegelan (wentalan).

Egoisme seneng *ngeroek*; mila ladeng asipat; drengki, moerka, ngangsa-angsa, tegelan. Tjekap samanten kémawon kanggé nerang-aken wohing egoisme ingkang sampoen ndados.

Lah tjiang ingkang sampoen kappandjungan egoisme ingkang kados makaten poenika, ingkang ndrawasi sangettoemraping gesang sesarengan.

Mila kedah ingkang waspada. Sadérék kita pijambak ingkang taksih kebak egoisme djampinipoen boten wonten malih kedjawi kerep sembahjang, sarta kerep maos: *Naviging v. Christus toewin kerep nindakaken kosok-wangsoelipoen*.

Karangsawah: S. Soedyarta.

PAGEMÉN.

Mangsa poenika negari saweg nindakaken pagemén. Malah sedaja kaoem werkgever toemoet netjetakan. Rékanipoen nindakaken pagemén: srana njoeda koeli oetawi poenggawa lan njoeda bajaran. Tjekak inggih njoeda wedaling arta.

Kéndelipoen wonten ingkang dipoen pénisjoen lan tamtoenipoen inggih wonten ingkang tanpa pénisjoen. Kéndelipoen poenggawa waoe saja damel rekaosing gesangipoen tetiang waoe toer ladeng saja nam-bahi katahipoen pandji klantoeng.

Samangké sampoen ngantik taon 1931 dodos tamtoenipoen tjetjahing pandji klantoeng sampoen mindak ageng! Koela mireng samangké ing Bandoeng kémawon sampoen wonten pandji klantoeng 400. Tamtoenipoen saben kita, saja ageng kitaniplen saja katah tjiang pados padamelan. Djalaran kita ingkang ajeng katha pameloelangan², lan inggih ing kita poenika doenoeginipoen kantor kanggé nampi tjiang ngoepados padamelan. Mindak taoen saja katah laré pinter (wedalan pemoelangan) saja katah ingkang kepéngin njamboet damel gaman pén lan potlot. Saben taoen atoesan ingkang dérèng angsal benoeman, jén makaten poenapa ing Indonesia boten badé kebak tjiang nganggoer? Mangka ka-wonten makaten poenika boten namoeng Indonésia. Dados..... poenapa sadajad namoeng badé isi tjiang nganggoer pating kloeoer?

Saja djaman pangiridan poenika. Pados padamelan rekaosing-rekaos. Kanti koela mireng pawartos bilih poenggawa Mantri pamitjus ing t. Kadjawen tjalon dipoen itjali, déné padamelanipoen kasampiraken para loerah doesen.

Ing kita-kita katah nénéman ingkang tansah kija-kija matjak mbregas-mbregas, poenika katah ingkang dérèng angsal padamelan. Wedalan H.I.S., M.U.L.O., T.S., H.B.S., samangké rekaos ngoepados bajar ingkang mémper, toer ingkang ngoepados poenggawa boten katah. Saking volkschool kados déné T.S. lan tjalon Bestuur inggih taksih wonten ingkang nganggoer.

Margi poenika koela ladeng oe-loek-oeloek: "Djaman pagemén kita kedah toemoet gemi, ngatos-atos dateng wedaling arta, temen-temen nindakaken koewadibjan. Marginegneti angéling ngoepados jatra oetawi padamelan. Sinten ingkang sembrana badé kasoesahan lan badé kedwoeweng ingkang tanpa wasana. Para siswa ing pamoelangan Vak oepami N.S; H.I.S. lan sanèsipoen pandjenengan kedah temen-temen netepi koewadibjan (sinaoe) sampoen ngantos kalémpar saking ngrikoe margi sembrana pandjenengan. Ngroemaosana bekija dené pandjenengan saged katampi wonten ngriko. Wonten ing pamoelangan ingkang tjalon ngangsalaken teda Langkoeng-langkoeng dateng sedaja ingkang taksih tjeppeng pangkat (nampi blandja), kagondelana ingkang sampoen ngantos oetjelo."

Djaman pagemén para maos, djaman awis jatra lan pangkat. Mila manawi (saoepami) koela soemerep tjiang nglamar padamelan angsal, boten nrimah bajar sakedik ladeng késah saking ngrikoe perloe pados sanèsipoen ingkang dérèng tamtoe angsal, ing batos tamte koela be-bodo. Djaman poenika lhooo! Kawedanan lowong Hulpschrijveripoen 1 kémawon ingkang njoewoen wonten 10 toer wedalan H.I.S. M.U.L.O.-M.U.L.O. Mangka blandja namoeng f 15-f 30 sampoen pantok dados tjarik angka 2 Kawedanan.

Mila ngéneti sedaja waoe, menawi kita nglamar padamelan samangsa katampi, kita kedah peroéen nglampahi sanadjan blandja sake-dik. Sakedik dipoenopéni poenika raos koela nindakaken pagemén. Manoengsa poenika betah neda. Neda sakedik kalian boten nedé pilih poendi? Blandja sakedik kalian tanpa blandja, aloewoeng poendi?

Djaman pagemén ingkang perloe ndandosi économie. Soekoer déné ing poendi-poendi sampoen goemré-gah ngadani coöperatie.

Pwgd. S. S. dh.

moerih barangipoen pijambak sampoen ngantos kedjoran saing mantja negari.

Malaise waoe *ndjalari* poenapa? Sampoen mratah sadonja babagan: 1e. *Landbouw*: oepamipolen, karét, gendis rosan, biet, gandoem, kopí, téh, regen andjilog sanget boten tjeetjok kalian ongkos panggarapipoen. Gesangging tjiang sadonja temtoe rekaos, djer panggesanganipoen ingkang katal goemantoeing Landbouw.

2e. *Industrie*: sami kémawon, reregén boten tjeetjok, kabekta saing overproductie saha onderconsumptie (kekatahan pamedal boten saged amboetjal sadé).

3e. *Mijnbouw*, kedjawi mas. (djené), tembagi, timah, tosan, slaka, steenkool, sami nandang kapi-toenén.

4e. *Transportwezen*: oegi namoeng kantoen idem kémawon lampahipoen kendo, saja bangsa lelajaran.

5e. *Handel*, sadaja medeng, kendo, oegi katah ingkang kéndel.

6e. *Bankwezen*, ingkang minangka dodos sranané economi ing sadonja rekaos toemindakipoen, mawi katah kapitoenéniopen.

7e. *Staatfinanciën*, Mèh saben prada sami tekort dalasan Amerika.

Panangoelangipoen malaise kados-poendi?

Lah poenika sampoen dodos panggalih, koela boten saged ngatoeraken, djer économie poenika cawat sanget. Saweg econoom-econoom ingkang djempol-djempol kémawon dérèng wonten ingkang saged ngoedari bab poenika. Saja malih manawi ngéneti économie poenika oe-betipoen moebet anggoebet sakdonja, lampahipoen goeman-toeng ing kawontenan warni-warni.

Namoeng kémawon saréhning ingkang kataman poenika sakdonja dodos sampoen samestinipoen manawi bab poenika kedah karembag ing Volkenbond.

Kinten koela manawi pradjapradja poenika sami akaer, boten ontjor-ontjoran (djor-djoran), boten mboedoeng betahipoen pijambak-pijambak, soemrambahiopen dateng werkgever lan werkneher sami bebrajan njamboetdamel sesarengan, alias ngitjali *eigenbelang*, bokmanawi saged saé toemindakindaméne indéndé, andjalañtjoresing communism. (*) poen Solo.

ING SAPOETJAKING PANGGOENG ÉCONOMIE.

(Obligatie).

I.

Obligatie, aandeel lan vennootschappen sampoen koela atoeraken. Sapoenika tjobi mriksa bab obligatie radi lebet sawatawis, bab rékanipoen damel lan bebajanipoen toemraping kawembas.

Ingkang terang mbebajani poenika jén toembas obligatie saking tanah mantja ingkang boten katangel ingstaat, amargi lepat-lepat arta saged itjal, kabekta kirang saged pados keterangan ingkang lebet lan tjeta. Temtoe kémawon ingrikie ingrembag prakawis ageng-agengan, awit inggih wonten obligatie namoeng regi f 1,50 ing saben serat; (Soerabaja, 1925).

Koela kimoetan obligatie Boedapest ingkang kawedalaken ing Den Haag, déning "Bank Burgers en Co.

Obligatie waoe saremanipoen 8%. Temtoe kémawon katah ingkang méluk. Margi sareman deposito taoenan katah-katahipoen sanget 6½%.

Wasana sareng dawahing medal anakan, -boten wonten poenapanapena! Ing mangka obligatie waoe sedaja goenggoeng f 450.000.**)

Oepami, wonten tjiang toembas f 20.000, ateges ing medalan anakan kedah tampi $8 \times f 200 = f 1600$. Jén sareman boten medal, ateges kétjalan.... hm, boten sakedik.

Wasana sareng kapriksa, obligatie waoe ingkang minangka tanggelan papan padoesan ingkang wetawis pengaos 1.500.000 pengö, nanging samboetanipoen sampoen nandeg doemoegi 2.500.000 pengö. Mila temtoe kémawon boten saged soeka sareman obligatie, djer samboetanipoen sampoen semantan katalipoen, ingkang temtoe inggih keda h diphonsaremi. (Dados obligatie Budapest ngrikie tanggelanipoen sanès barang, nanging malah samboetan).

* *

(*) Manawi kober sanès dinten koela ngatoeraken angka-angka ingkang gegajoetan kalian malaise, saha wawanipoen djempol économie Prof. J.M. Keynes.

**) poenika ingkang kawedalaken ing Nederland, déné sadaja agenging obligatie wonten f 850.000. (And.)

ONTJEN SEKAR GAMBIER MELATI.

KONGGRÈS WANITA ASIJAH ING LAHORE

Piwoelang kabatosan kedah kawadibaken wonten sadaja sakolahan éstri.

Bokmanawi djagad sampoen tinarboeka malih. Sampoen angakeni malih bilih zedelike opvoeding langkoeng penting tinimbang verstandelike opvoeding.

Koela matoer malih, awit temenipoen kaantep makaten poenika kinanipoen sampoen wonten: Kilén Wétan sami oegi; Kristen Islam sami kémawon. Nanging margi kallimpot, margi anggénipoen mendem dateng kawroeh lahir, dateng wetenschap, pamanggih ingkang makaten waoe, katah ingkang ngéwahi kadasaken kosok wangsoel.

Gangsal taoenan sapriki, swatenipoen president Hoover ngemandang saindeng djagad, soeraisipoen neda soepados sakolahan Amérika langkoenga amrelakan dateng zedelike opvoeding. President Hoover gadah pangadjab ingkang gampilanipoen kéng katemboengaken: "sakolahan dadia papam pamoedjan."

Ing Itali, pradjaniopen diktator Mussolini, inggih mentingaken panggoela wentah kabatosan. Samantenoegi ing nagari Sepanjol.

Sapoenia, ing bawana Asijah, badé wonten swanten ngoemandang wonten salebetipoen konggrès ageng, konggrèspoen kaoem iboe, neda soepados "pangadjaran kabatosan kawadibaken wonten sadaja pamoelangan éstri." Neda soepados "piwoelang Agami kabetaken wonten pamoelangan éstri."

Paneda poenika dipoenadjengaken déning njonjah Maulana Moehammad Ali wonten sectie wanita ing Lahore, sarta inggih sampoen katampi, bén-ding tjalon ka-adjengaken wonten All Asian Women's Conference ing Lahore.

Sesorahipoen njonjah Maulana Mohammad Ali waoe dipoenpertal wonten Siang Po, koela petiki kémawon ingkang perloe-perloe.

Kinten koela manawi pradjapradja poenika sami akaer, boten ontjor-ontjoran (djor-djoran), boten mboedoeng betahipoen pijambak-pijambak, soemrambahiopen dateng werkgever lan werkneher sami bebrajan njamboetdamel sesarengan, alias ngitjali *eigenbelang*, bokmanawi saged saé toemindakindaméne indéndé, andjalañtjoresing communism. (*)

Agama itoelah mempoenai satoe rol jang besar didalam kehidupan manoesia. Bagaimanaopen djoega baengo atau matjamna agama, tidak boleh dimengkiri perkara jang njata bahwa igama itoelah menimboelkan perasaan jang sedalam-dalamnya pada manoesia, dan tentoe mendjadi sehsaréhinga telocataan jang telah menggerakkan perikemanoejaan didalam segala djaman. Oleh karena itoelah makanan besarlah kepentingan njata soepaja ketjerdasannya perasaan jang ditimboelkan oleh igama ini mendapat sebesar-besarnya perhatian dari semoea jang diwadibikan mendidik anak-anak. Segala aтоeran pengadjaran jang tidak memperhatikan perkara jang demikian ini, tidak boleh dianggap sempoerna adanja. Bagi kita orang-orang bangsa Timoer, soal ini haroes memenjai satoe kepentingan jang teristimewa djoega. Negeri Timoer itoelah telah menjadi tempat kahirannja segala igama jang besar-besar didoena. Tjoema sadja kita haroes mendjaga soepaja obroran igama itoelah tetap menjinarkan tja-hajanja boeat selama-lamanya. Dan jalanan jang sebagoes-bagoesnya boeat mentjapai maksoed ini ialah melakoekan aтоeran mewadibikan pengadjaran igama didalam sekolah-sekolah kita

Njonjah M. Ali, njariosaken kawadibaken wanita, : "Pengadjaran igama bagi anak-anak perempoean samalah pentingnya seperti bagi anak-anak laki-laki. Anak-anak perempoean jang sekarakang ini bakal mendjadi iboe pada besok pagi, jang dipangkoeannja haroes didirikan bangsa merdeka jang akan datang. Pangkoeannja iboe' itoelah sekolah tinggi jang pertama oentoek mendidik si anak-anak. Kalau si iboe ada terhias dengan tjita-tjita jang moelia, dan pikiran-pikiran jang tinggi, itoe akan meninggalkan soeatoe tja djoega didalam hati si anak-anak. Tetapi boedi pekerti jang semoelia itoe tjoema boleh di-

Wasana sareng dawahing medal anakan, -boten wonten poenapanapena! Ing mangka obligatie waoe sedaja goenggoeng f 450.000.**)

Oepami, wonten tjiang toembas f 20.000, ateges ing medalan anakan kedah tampi $8 \times f 200 = f 1600$. Jén sareman boten medal, ateges kétjalan.... hm, boten sakedik.

Wasana sareng kapriksa, obligatie waoe ingkang minangka tanggelan papan padoesan ingkang wetawis pengaos 1.500.000 pengö, nanging samboetanipoen sampoen nandeg doemoegi 2.500.000 pengö. Mila temtoe kémawon boten saged soeka sareman obligatie, djer samboetanipoen sampoen semantan katalipoen, ingkang temtoe inggih keda h diphonsaremi. (Dados obligatie Budapest ngrikie tanggelanipoen sanès barang, nanging malah samboetan).

Poenika saremanipoen padoesan ing Budapest waoe, tepat saé kalian bank Burgers ing den Haag, ladeng neda toeloeng, kapeurih

madosaken samboetan ing kawoela Nederland.

"Kok bang Burgers poeroen?"

Lah poenika mekaten:

(a). bank B pados oentoeng, awit tjiang teteloeng temtoe angsal rembesan, oepami 1%, (apes 1%).

(b). poeroenipoen toeloeng, ngerotos jén padoesan Boedapest waoe sakinten saged njaor lan gadah tanggelan.

"Kok ngantos saged mléséd?"

Lah inggih poenika ingkang nama bebaolan, toeni oetawi bat, netes oetawi mléséd.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Toko DJOEN & Co., Djocja. PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTI-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja dijangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

OERAP - SARI KABAR KATOELIK.

Pastoer Huijbrechts. †

Pawartos saking Rotterdam tangan
gal 13 Djanoevari, martosaken pan-
djenenganipoen Pastoer Augustinus
Huijbrechts ingkang roemijin wonten
Koetaradja kopoendoet Ingkang Maha
Koewasa.

Mjosipoen P. Huijbrechts kala 7
April 1880 wonten ing Riel tjalak
Ginneken. Kala 23 Désember 1905
djinebadan dados imam Capucijn.

Rawoehipoen wonten Indonesia
kala 8 Mei 1910, makarja wonten
Borneo. Tangal 13 Djoeli 1912,
kapindah dateng Koetaradja; dados
pamomonging soekmanipoen soel-
dadoe Katolik ingkang sami andon
perang.

Wonten Kotaradja jasa Grédja
ageng lan dalem pastoeran, sak-
lahan saé ingkang ladjeng kap-
srahaken para Zuster, ngedegaken
tjabang K.S.B., lss. Pandjenengan-
ipoen tampi bintang officier in de
Orde van Oranje Nassau.

Sapriki kirang langkoeng sampoen
langkoeng saking sawoelan, pandje-
nanganipoen kondoer dateng nagari
Walanda, sarta ladjeng operatie won-
ten Rotterdam.

Sédanipoen Pastoer Huijbrechts
saestoe dipoen-getoeni poetra-poe-
tranipoen ingkang wonten Kotaradja.

Moegi, arwahipoen swargi P.
Huijbrechts pinaringana noegraha
langgeng wonten ngarsa dalem Pa-
ngéran. R. I. P.

Vaticaan kalijan Litauen.

Anggènipoen regeering Litauen
anindakaken burgerlijke huwelijc,
andjaliari gèsrèkipoen nagari waoe
kalijan Vaticaan. Toemindakipoen
Litauen poenika njoelajani concord-
aat-ipoen Litauen kalijan Vaticaan.
Kala tanggal 14 poenika, wonten
panoentoen-panoentoen jeugdgana-
nisatie Katholiek dipoenjepeng,
sarta badé wonten imam sakawan
toewin student dipoenpradatakanen.
Maha Biskop Litauen badé ngaw-
wontenaken moesawaranan kalijan
para Biskop.

Wonten ingkang mastani, pasoe-
lajan poenika, kasababaken margi
golongan Katolik amboedidaja amrih
roekoenoipoen Litauen kalijan Polen.

Kasrantsaken kémawon roemijin
kados-poendi woesananipoen!

Medaille kaggé Edison.

Edison sampoen ndamelaken K.
S. Bapa mesin dikté (dictaphoon)
ëdi sarta ladjeng kasaosaken. Mi-
nangka piwales K.S. Bapa ngin-
toenaken medaille mas. Naing
doemoeginipoen mawi dipoeneng-
gél wonten ing palaboehan.

FRIELING'S GLANSVERF A

kaggé netjeté ndjawi lan nglebet grijja, kantoen ngoesar-
aken kémawon, teroes kénging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2½ 1 ½ KILO
sa - blèg 10,50 5,50 3 1,30 0,75 roepijah
IJzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen
ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2½ 1 ½ KILO
sa - blèg 7.- 3,75 2,15 0,95 0,55 roepijah
Loodmenie toelén, regi oegi sami samanten.
garing woedjoed boeboekan
dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong F 28,50.

Verffabriek R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Ian Sakramèn M. S.: 620.
Sekolahan wonten: 292; moerid-
ipoen: 26.668.

Ratjakipoen saben missionaris
moelang tjalon baptis: 445; tjalon
tampi Sakramèn Kasantosan: 170.

Swastyastoe!

"Germania" oemoer 60 taoen.

Ing dinten 17 Dés. '30 "Germania", organipoen Centrum sampoen
mèlingi anggènipoen oemoer 60 taoen. "Germania" ing dinten poenika
ngevrat pepènget mekaten: "Waterton, tilaraning Leloehoer kita,
taksih djedjeg koekoech bakoeh; roemambat andjok ing adreng dateng
aksi katolik; saha suking ngrikoe mloebèr dateng aksi politik."

Para maos ral sampoen pirsa
manawi Centrum poenika namaning
Party Katolik ing DJERMAN. Rak
ingggih taksih émoet oegi sawoeng-
ipoen pengpengan nalika djaman-
ipoen Bismarck: Windhorst. Bismarck éring!

K. S. Bapa nalika taksih ném,
njawang saking tebihan lampahipoen
Centrum waoe kanti rena lan seneng.
Éram sanget dateng para jurist,
medici saha winasis, ingkang wonten
ing kalangan politik ngrembag
prekwis - prekwis ingkang mage-
pokan kalijan Allah, kaantepan lan
agami kanti waspadaa toewin patitis
lan malih kanti watak satrija, kados
déné manawi katindakaken ing K.
Biskop pijambak. Cf. Max van Poll's
"Herstel in Christus."

"The Universe" oemoer 70 taoen.

"The Universe", s. k. Katolik
minggon ing INGGRIS, ing woelen
Dés. oegi mèlingi anggènipoen
sampoen oemoer 70 taoen. Ageng-
agengan; resepsi ageng, mawi
kalijan Golongan sanès, mondjo
pijambak; nanging ingkang taksih
kapir ngoengkoeli!

Poenapa poenika saking dèrèng
moedengipoen dateng lenggahing
K. S. Bapa?!

Catacombe.

Manoet tjatetanipoen negari Itali
tjatjahing Catacombe kirang lang-
koeng wonten 100. Ing poelo Sicili
kémawon sampoen winter 60; ortha
ingkang 50 wonten ing kabiskopan
Syracoesa. Ngantos doemoegi abad
17 tjiang-tjiang ing ngrikoe waoe
anggènipoen ngoeboer tjiang pediah
wonten ing Catacombe. Poenika sa-
babipoen déné ing Sicili katah Cata-
combe-nipoen makaten.

Roemjinipoen Catacombe poenika
mila pakoeboran. Sareng tjiang
Katolik dipoenkoeja-koeja, ladjeng
kaggé papan nedlik. Poenika prajo-
gi sanget, awit saking katahing
énggok-énggokan lan simpang-sim-
pangan, Catacombe poenika mbi-
ngengaken sanget.

Tjatjahing tjiang Katolik ing
saloemahing djagad.

Mitoeroet "Atlas Hierarchicus,"
ingkang mentas kababar ing woelan
Désember kapengker poenika, sa-
loemahing djagad wonten tjiang
Katolik langkoeng saking 341 mil-
joen; inggih poenika: ing Éropah
— 208.822.000; ing Amérikah —
109.097.000; ing Asijah — 16.536.000;
ing Aprakah — 5.330.000, saha ing
Oestraliah — 1.585.000. — 341 mil-
joen poenika manawi katanding
kalijan golongan sanès, mondjo
pijambak; nanging ingkang taksih
kapir ngoengkoeli!

Grika sakit Katolik ing Bara.

Kabikak 5 Djanoevari. Sapoenoika
saben dinten sampoen saged noe-
loengi tjiang 80; ingkang tilem ing
ziekenzaal: 15.

Poenapa poenika boten badé mi-
toeloengi sanget dateng sadérèk
Djawé ing sakeobenging ngrikoe?
Poena paréntah inggih boten badé
noeloengi dateng ijasan ingkang
maédaéh kados makaten poenika?

Missie ing Vicariaat Apostolik ing
Poelo-pelo Soenda.

Ing Vicariaat waoe tjatjah-tjatjah
sapoenika (Dés. '30) kados makaten:
Imam: 59; Broeder: 27; Zuster: 42.

Tjiang Katolik: 169.699, ing
taoen '29: 151.000. — Magangan:
26.243. — Baptis: 20.989, (ingkang
sampoen oemoer: 7843). — Sa-

kramèn Maha Soetji: 1.816.074; Sa-
kramèn Kasantosan: 9.559.

Satoenggal - toenggalipoen Missi-
onaris gadah momongan: 3000; saha
ratja maringaken Sakramèn Pang-
apoentening dosa: 12.500; toewin
Sakramèn Maha Soetji: 32.000. Da-
dos samiggoe-minggoenipoen Sa-
kramèn Pangapoentening dosa: 240,

ingkang kaggé tanda, jén bangsa koela
wajar lan ombér ing pamawas, ing-
gih poenika, déné sampoen milih
koela dados minister sepoeh. (Pre-
mier; eerste-minister) sarta netep-
aken sadérèk Katolik woloe dados
minister; mangka tjatjahing minister
goenggoeng Kempal namoeng tiga
welas. Masti kémawon anggènipoen
dipoenpilih waoe boten mergi tjiang
Katolik, nanging mergi sampoen
katingal jén pantjén tjakep lan sem-
bada, saha pantjén sampoen dipoen-
pitados ing rajat. Makaten poenika
rak oegi nama ngaosi dateng Agama
Katolik.

Kerep koela mregoki tjiang sanès
katolik, ingkang sasaged-sagedipoen
badé ngetingalaken anggènipoen
ngaosi dateng Agami Katolik. Tjon-
tonipoen: Wonten ing London, na-
liko koela lan minister sepoeh ke-
kalih sanès sami katetepakan dados
eereburger ing London, pamedar

sabda officieel mawi soeka pang-
lem daterg koela, mergi anggèn
koela dados tjiang Roem - Katolik
teroes ing manah; lan agaminipoen
minister kalih waoe dipoensidem
kémawon.

Rajat Oestraliah ratjak boten re-
men ngganggoe damel. Poenika tjeta
sanget nalika Congres Eucharisti
Internasional kalih taoen kapengker
poenika. Tjiang katah sanget (ing-
kang katah dédé katolik) kala sa-
mantan sami toemoet nenggani kanti
hormat poenapa ingkang katindak-
aken ing Pasamoean Soetji. Kala
samantan Pasamoean Soetji temtoe
mindak sa-tjét wonten ing pang-
osaning oemoem."

Scullin poenika tjiang Katolik
toemem; sarta sadangoipoen
ambjoer ing politik, kentjeng ang-
gènipoen nglampahi Agaminipoen.
(Osservatore Romano).



APOTHEKEN

Rathkamp & Co.
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.

TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela
f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa,
lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,
Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimmi keterangan
dengan pertjoeoma.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. NO. 13.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

PEKABAR MERAPI.

Rikala minggoe kapengker redi
Merapi wiloedjeng. Dados wonten
ipoen pakabaran ramé bilih wonten
ingkang metja, manawi dinten Ngah-
bad kapengker poenika redi Merapi
badé ndjebloeg malih poenika dora-
ta!

Sadaja peték ingkang netepaken dinten
djam toemrap pandjebloeging redi poenika
mokal! Para empoeing redi lateo sagedi-
poen namoeng nginten-inten moetawati
otawi botenipoen.

An éta dinten Senèn poenika,
marfosaken bilih Merapi sa-
mpon boten patos mœta-
wa tosi manawi katanding kalijan
kala samiggoe kapengker.

Sasampoenipoen kala Ngahad, di-
poeningal saking awang - awang
sarta dipoenpotré, boten wonten
sabab poenapa - poenapa ingkang
ndjalari tjiang ladjeng kedah adjrih
dateng pandjebloegipoen Merapi.
Kasangsan kala sawoelan sapriki
poenika, marge mingset toewin
nggolengipoen soempet lahar wonten
kawah ingkang sisih Kilèn
(West-prop).

Sokoer, manawi makaten.

Comité mitoloengi bebaja redi
Merapi ing Nederland sampoen sa-
ged ngintoenaken f 150.000.

— Prakawis dana tjiang Walandi kénging
kaggé tetoladan!

Sakgedagan poenika Nagari ngga-
lih sanget dateng tjiang ingk

Bangsa Arab kalijan Volksraad.

Kongresipoen Indonesisch Arabisch Verbond ing Soerabaja nembe poenika *njoewoen* kanti tilgram dateng G.G., soepados sawoengipoen, i.p.t. Alamoemoedi kabenoem *dados warga Raad Kawaela*.

Sawoeng poenika boten dipoen-tjotjogi kalijan bangsa Moor (Arab) ing Betawi. Golongan Moor ing Betawi ngadjengaken sawoeng: t. Alatas, Sajid Alaydroes, lan Bamasimoes.

Manawi bangsa Tionghoa gadah wakil wonten Raad Kawaela, *adilpoen* bangsa Moor inggil kedah gadah.

Modern! Moegi-moegi ing babagan sanès-saipoen oegi modern!

Hulp - bank.

Ing Bandoeng bangsa Arab badé ngadegaken Hulp-bank, rèntenipoen 3% sawoelan mitoeroet saperntan.

Modern malih Nanging kok namoeng ing Bandoeng, sanès panggènan, ing padoe-snoen?

P. S. I. I.

P. S. I. I. ing Ngajodja (H.B.) badé ngawontenaken leiderscursus. Ingkang badé noentoen Dr. Soekiman, Soerjasasmaja, Soerjapranata, Maradjia Sayuti Loebis.

Adjenging pakempalan pantjen goeman-toeng leiderpoen langkoeng-langkoeng manawi leiderpoen, mitjara, tactisch lan men-talitepoen kampioen!

Mohamaddijah lan jajasaniipoen. Activiteit.

Salebetipoen minggoe kapengker, koela nenggan parepataniopoen ta-oenan Hoofdbestuur Moehammad-dijah bagéjan onderwijs kalijan P. K.O. Tétela bilih M.D. katah lala-batanipoen dateng kamadjengangan bangsa.

Wonten Sw. T. ngriki, koela ke-rep njoewanten ngadjengaken sa-kolahan-sakolahan partikelir, boten pradoeli saking kalangan poenapa. Mila ningali kamadjenganiipoen M.D. wonten kalangan onderwijs, koela sakalangkoeng angaso.

Sakolahan-sakolahan ing ngandap poenika, namoeng ingkang dados gadahanipoen M.D. Ngajodja.

Sakolahan doesoen, taoen 1929: 62, taoen '30 mindak 21; vervolgschool 5 mindak 2; standaardschool 9 boten mindak; schakelschool 2 boten mindak; H.I.S. 2 boten min-dak; koerses goeroe doesoen 4 boten mindak; kweekschool 2 (djaler lan èstri); normaalschool satoenggal (Solo); sakolahan tenoen satoenggal.

Tatjathing moerid lan goeroe: sa-kolahan doesoen moerid 4592, goeroe 139. vervolgschool 400 — 18; standaardschool 1262 — 37; scha-kelschool: 50 — 3; H.I.S. 365 — 15; koerses goeroe doesoen 97 — 8; kweekschool 157 — 12; normaal-school 53 — 4, pamoelangan tenoen: 10 — 2.

Verslag bagéjan Peneloeng Ke-sangsaraän Oemoem, anjarisosaken, M.D. Ngajodja gadah klinik won-ten Imagiri, Pasar Gedé lan kita Ngajogjakarta; gadah grijah jatin kanggé laré djaler lan èstri.

Katijasan ingkang semant poenika, kedah kita aosi, lan dadosa pangrédan manah kita wandawa Katolik Djawi. (A.S.D.).

Boedi Oetama lan tjiang nganggoer.

Wara Warta saged ngabar-akan, bilih B.O. ing Semarang ba-dé njoewoen palilah ngedegaken lotré kanggé kabetahaniipoen tjiang nganggoer.

Pandamelan saé poenika. Pakempalan poenika malih Djer manawi katili jekots éwon bangsa Djawi ingkang nganggoer, margi dipoenkendel saking pandamelanipoen oeta-wi boten angsal pandamelan kalijan tjiang nganggoer ingkang pantjen pandamelanipoen nganggoer.

Pilihan warga Volksraad.

Kieskring X (Celebes) ingkang kapilih Dr. G.S.S.J. Ratu Langie, Poerwakarta. P.A. Mandagie, gede-leerde V.R. Kieskring sanès-saipoen kedah kasetém malih.

Bangsa Walandi ingkang sam-poен kapilih:

saking kalangan Indo Euro-peesch Verbond: T.H. de Hoog, mr. P.A. Blaauw, F.H. Zeydel, N. Beets, C.E. Barre, ir. E.J.L. Fuhr. (6)

Vaderlandsche Club: mr. R.A.A. Fruin, mr. P.M.J. Ha-mer, dr. W.K.H. Freulietteau, de Breijn, H.J. van Holst Pellekaan, S.J. Kahn. (5)

Indische Katholieke Partij: J.A. Monod de Froideville. (1)

Politiek Economischen Bond: A.J.N. Engelenberg. (1)

Binnenlandsch Bestuur: dr. E.J. Burger. (1)

Christelijke Staatspaar-tij: mr. C.C. van Helsdingen. (1)

— Warga pribumi 20 ingkang kapilih, ingkang katah bangsa B.B. Warga Walandi 15 ingkang kapilih, ingkang katah bangsa I.E.V. lan V.C. Dados mitoeroet tatjat poenika petékanipoen sampoen katawisi... kantoih ngentosi warga benoeman kados poendi.

Digoel - commissie.

Negari badé damel Commissie, mitoeloengi pandamelanipoen Go-

pernoer ing Molukken ingkang ka-patah menggalih bab pindahipoen pasétran Digoel.

— Mae-maoené kaprijé, oejang-oejoeng kakéjan ragad tok, toer boten sandé dangoe-n-dangoe manawi sampoen mertobat di-poensoewak malih.

Begrooting Indonesia.

Wonten Tweede Kamer. Afdeelingsverslag bab Indische begrooting ing Tweede Kamer njai-rijosaken:

Sawenéhing warga nedha soewak-ipoen oekoem pedjah lan oekoem pendjalih.

Katah warga ingkang mastani koeliordonante énggal poenika ba-bar pisan boten mareman. Soe-wakipoen poenale santic dipoen-wastani kerandaten sanget.

Wonten pitakénan kados poendi tindakipoe regeering toemrap tja-tjaphipoen tjiang nganggoer, kalebet oegi bangsa Eropah, ingkang tansah mindak-mindak poenika.

Katah warga sami nedha soepados paréntal saja ngentjengi anggèni-poena nanggoelangi toemindak awon toemrap apjoen, minangka kanggé poepoetjoek ngawisi babar pisan miogenakaken apjoen.

Katah warga sami nedha soepados regeering saja ngadjengaken dateng emigratie toewin kolonisatie, ingkang makaten waoe langkoeng-langkoeng kanggé ihtijar gegajoetan kalijan djiwa Indonesia ingkang tirah-tirah poenika.

Katah warga boten ngoedjoeki déné G.G. angleksanani amendement njoeda soebidi ingkang dateng Ko-loniaal Instituut.

Wonten warga sawatawis mite-rang kados poendi pamanggihipoen regeering toemrap amatesi pamedal sanès kados déné gendis?

Islam ing Minahasa.

Goemarégha.

Sadérèk Ma'moer Loebis, nembé poenika mempeng propaganda wonten sawenéhing papan ing Mi-nahasa, ngantos ladeng saged ngawontenaken babadan kanggé nja-toenggalaken pakempalan - pakem-palan Islam ing ngrikoe, anama „Persatoean Perserikatan Moeslim Minahasa. Babadan poenika badé anandangi damel mesjid H.I.S. lan sakolahan-sakolahan mawi grija pondokan, poenapadé nroemat pakoeboeraan Islam . . . kanti wa-ragad kirang langkoeng f 50.000.

Tanginipoen kadang Islam poenika, bokmanawi badé oegi njawabi goemaréghipoen kadang Kristen Katoelik toewin Protestant ing ngri-koe.

Pitoeloengan dateng tjiang nganggoer.

Rantjangan centraal Comité.

Dérèng dangee poenika, kawato-saken ing Betawi wonten comité-agen g nedya mitoeloengi dateng tjiang nganggoer. Centraal comité poenika damel antjer-antjering pa-nindak kados ing ngandap poenika:

a). Centraal comité badé ngang-kah soepados saben panggènan wonten tjabang comité.

b). Pitoeloengan dateng tjiang nganggoer, poenika ingkang bakoe kedah katindakken pijambak dé-ning tjabang comité; déné centraal comité namoeng andjangkepi keki-rangan. Centraal comité badé ke-keklempek arta, kaedoemaken dateng komité-tjabang, mawi-mawi betah-ipoo. Tjabang komité kawaduhan migoenakaken arta waoe mawi tjara ingkang dipointehadaken ing cen-traal comité sarta kedah nglapoer-ken pétangan dateng centraal comité. Tjabang komité dipoinmardi-kakaken padas sarana sanès sageda anglempakaken arta kanggé mito-e-loengi tjiang nganggoer.

c). Centraal comité namoeng ba-dé kekeklempek arta medal ing pers, angintoenaken sirkel-lér dateng mas-kapé-maskapé ingkang ageng-ageng.

Ngoepados arta mawi tjara sanès, kadosa ngideraken lijt, ngawon-tenaken tettingan, ngedegaken fan-cyfair lss. poenika kaborongaken dateng comité-tjabang.

d). Centraal comité badé nedha arta f 50.000 roemijn dateng regeeri-g. N. Beets, C.E. Barre, ir. E.J.L. Fuhr. (6)

Vaderlandsche Club: mr. R.A.A. Fruin, mr. P.M.J. Ha-mer, dr. W.K.H. Freulietteau, de Breijn, H.J. van Holst Pellekaan, S.J. Kahn. (5)

Indische Katholieke Partij: J.A. Monod de Froideville. (1)

Politiek Economischen Bond: A.J.N. Engelenberg. (1)

Binnenlandsch Bestuur: dr. E.J. Burger. (1)

Christelijke Staatspaar-tij: mr. C.C. van Helsdingen. (1)

— Warga pribumi 20 ingkang kapilih, ingkang katah bangsa B.B. Warga Walandi 15 ingkang kapilih, ingkang katah bangsa I.E.V. lan V.C. Dados mitoeroet tatjat poenika petékanipoen sampoen katawisi... kantoih ngentosi warga benoeman kados poendi.

Wonten Tweede Kamer. Afdeelingsverslag bab Indische begrooting ing Tweede Kamer njai-rijosaken:

Sawenéhing warga nedha soewak-ipoen oekoem pedjah lan oekoem pendjalih.

Katah warga ingkang mastani koeliordonante énggal poenika ba-bar pisan boten mareman. Soe-wakipoen poenale santic dipoen-wastani kerandaten sanget.

Wonten pitakénan kados poendi tindakipoe regeering toemrap tja-tjaphipoen tjiang nganggoer, kalebet oegi bangsa Eropah, ingkang tansah mindak-mindak poenika.

Katah warga sami nedha soepados paréntal saja ngentjengi anggèni-poena nanggoelangi toemindak awon toemrap apjoen, minangka kanggé poepoetjoek ngawisi babar pisan miogenakaken apjoen.

Katah warga sami nedha soepados regeering saja ngadjengaken dateng emigratie toewin kolonisatie, ingkang makaten waoe langkoeng-langkoeng kanggé ihtijar gegajoetan kalijan djiwa Indonesia ingkang tirah-tirah poenika.

Katah warga boten ngoedjoeki déné G.G. angleksanani amendement njoeda soebidi ingkang dateng Ko-loniaal Instituut.

Wonten pitakénan kados poendi tindakipoe regeering toemrap tja-tjaphipoen tjiang nganggoer, kalebet oegi bangsa Eropah, ingkang tansah mindak-mindak poenika.

boten katal poenika, poenapadé né kawontenaning ékonomi ingkang boten kenging kadjacékan andjali-ari boten saged angrantjang katah-katah langkoeng saking rantjangan kaseboet lan rantjangan pitoeloengan poenika sapoenikanipoen kawatesan roemijn doemoegi taoen 1931.

KABAR SAKING DJATI-ROENGGA.

P. Soetoro martosaken:

Saking ada-adan para perso-nel Sigarettenfabriek H.D. Mac Gillavry Ambarawa, angedegaken Comité-Merapi; sarana adamet te-tingalan Ketoprak, saking pakem-palan Krida Langen Beksa inggih jasanipoen para personeel kaseboet, main tigang daloë wiwit ddo. 15 doemoegi ddo. 17 Januari 1931. Saged ngatoeri derma saking ka-entoenganiipoen . . . f 174,05 pikantoek saking sako-lahan ing ngrikoe . . . f 2,12/2 saking trommel ideran . . . f 12,90

Goenggoeng saged derma f 189,07/2 Comite Derma Merapi Kalitidoe (Bodjonegoro).

Kadistrik Kalitidoe, leresipoen district Ngoempak hoofdplaats Kalitidoe res. Bodjonegoro, poenika kinten-kinten namoeng sami kalijan onderdistrict Moengkit (Blabak) Moentilan, éwa-déné meksa boten poeroen kantoo egi berdaea ope-paja ngoepadosaken derma kanggé sadérèk kita ingkang sami kasang-saran, margi saking pandjebloeging redi Merapi.

Para waraganing Comite kanggé wajang-voorstelling inggih poenika:

1. R.M. Soembodo Wed. district Voorz.
2. R. Moeljodipoet Schoolopz. wd. Vorz.
3. M. Moehardisastro M. Politie Secret.
4. M.Ng. Kromodihardja Beh. Pandh. Penn.
5. R. Soemodihardjo A.W. Ngasem
6. M. Koeslan A.W. Malo
7. R. Wirjodinoto Boschopziener
8. Lie Tien Thijiang Handelaar
9. Go Tjing Liat
10. M. Abesoeno Boschopziener
11. M. Hadisoerboyo Mantri Goeroe
12. R. Poerwodistro Particulier
13. M. Soewarno Schrijver le. kl.
14. J. Roedjito Kep. Sek. Neutr. sch.
15. Hadji Riedwan Handelaar
16. M. Soeprapto Mantri Politie
17. M. Sastrowahidjojo Goeroe Bantoe

Bestuurs-Comitenipoen Voetbal-Wedstrijden namoeng para Bestuuri-voen Voetbal Vereeniging, kabane-toe déning elftal Comisse.

Nalika . . . tanggal 10-11/1 ing pendapa Kawedanan kawontenaken ringgit tjiang, mawi kasadénan kartis.

Doemoegining damel kalih daloë pikantoek (kapotong wragad-wragad) resik f 204,89 badé kadermakaken sadaja dateng Merapi fonds.

Nalika tanggal 17.18.19. Januari Voetbal Vereeniging S.T. E.R. (Setyo Toehoe Eko Roekoen) Kalitidoe ngwontenaken match mengsa Bodjonegoro Tjepoe. Ngasem.

Uitslag match Kalitidoe — Bodjonegoro (Sien Hwa Team) 1 — 0 Spelers Kalitidoe gelo sanget déné kantja Tiong Hwa radi resah tan-dangipoen, boten ngémoeti bilih match-waoe kapadosaken arta kanggé derma.

Kalitidoe — Tjepoe (B.B. elftal) 1 — 4.

Tandangipoen para prijantoon B.B. pantes dipointiroe, Kalitidoe ma-katen oegi, kados prangipoen Les-mono mengsa Premadi, dasar ka-sidijanan Muziek Wah ramé!

Kalitidoe (2e. elftal) — Ngasem (Boswezen) 1 — 1.

Pepikantoekanipoen arta kartjiskin-ten-kinten namoeng f 150,— kapotong wragad f 100,— tirahanipoen badé kadermakaken sadaja dateng Merapi fonds.

Sadérèngipoen vergadering, para warga comite nginten bilih badé boten pikantoek arta, djalaran sa-dérèngipoen kadapoekan comite, sam-poën wonten Lijst Derma saking Kangdjeng Toewan Resident Bo-djonegoro, pepikantoekanipoen ing-ih loemajan kirang langkoeng f 60.

Pantjen paringing Pangéran dateng sadérèk ingkang sami kasarakat boten kenging kininten!

Kalitidoe district alit, nangging pantes dipointeroedji!

Sinten malih !!!!!!!

JÉSOES ANAKÉ JOESOEP."

Poenapa perloe deg-degan?

Ing minggoe poenika koran sami oemoeng!

Sebab?

Aneta martosaken satoenggiling Prof. Sukanik sampoen damel lezing saha njrijosaken jén wonten ing petilasaning gréja lami ing kita Jeroesalem manggih peti séla isi tosan manoesa, sarta peti waoe mawi seratan: „Jésoes anaké Joesoep.” Poenika kados poendi-kados poendi, Prof. Sukanik boten poeroen moe-toesi mak tjeplos.

Koran ladeng damel commen-taar. Masti kémawon mawi ngoetik-oetik Bijbel, kapitadosanpoen tijang Kristen (Katoelik) Isp. Oekara ingkang kantong piyambak inggih ladeng kesoepén. Nama „wetenschäp” (sic?) kaggé tamèng.

Poenapa perloe deg-degan?

Dérèng padja-padja! Awit pita-kén-pitakénan kados ing ngandap poenika kedah angsal wangsoelan, ingkang genah, roemijn:

Kaggé tjak, koela anggep nja-ta Prof. S. manggih peti séla isi tosan manoesa sarta mawi seratan.

Nanging poenapa pamaosipoen Prof. waoe sampoen leres sajektos? Seratan waoe mawi aksara poenapa ta? Lan tjakrik poenapa? Pitakén makaten poenika perloe soepados saged netepaken kados poendi-ka-dos poendi.

Oepami (poenika saweg oepami kémawon lol) mila sampoen leres; poenapa poenika dédé seratan soe-lolaning tijang ingkang boten nger-toes, sinten ingkang dipoenpeti waoe?

Tjekakipoen: poenapa mila inggih sampoen leres, jén tosan waoe pan-tjén gadahani poen „Jésoes anaké Joesoep?”

Kedjawi poenika, poenapa teges-ipoen „Jésoes anaké Joesoep?” Awit poenika kenging dipointegesi warni kalih, i.p.: a) wong sing dipeti kaé djenengé: „Jésoes anaké Joesoep”, oetawi: b) wong sing dipeti kaé djenengé „Jésoes”, toeroené (anaké-) Joesoep. Poenika rak wonten bédanipoen ta!

Oepami (saweg oepami kémawon lol) sanadjana boten mokal) tijang ingkang dipoenpeti waoe mila nama „Jésoes” sarta mila anakipoen Joe-soep, ladeng kados poendi? Poe-napa ladeng kenging dipointegesi: „La, kiji baloengé (tosané) Jésoes, kang dadi pepoendé lan panoetané golongan Kristen (Kato-lik)! Dadi kabaré nék woengoe saka séda sa-salirané lan bandjoer ming-krat, ikoe ora njatal!”

Dérèng padja - padja! Poetoesan kados makaten poenika nama ngloempati djoerang lebet sanget toer inggih wijar sangat!

Dados boten soesah deg-degan!

si Lan.

SEKOLAHAN.

H. I. S. TAKSIH DIPOENADJENGI.

P. G. B. tjb. Ketangoengan madjeng!

Kados ingkang sampoen kawar-tosaken ing s.s.k., Persatoean Go-roe Isp. P. G. B. tjabang Ketangoengan (Brebes) sampoen ndamel pameloangan H. I. S. (P. G. B.), ma-deg wiwit 1 Juli 1930.— Ketangoengan poenika namoeng kita alit, ond. district kémawon — toer tebih kira ageng. Pendoedoek ing rikoe roemaos rekaos sanget menawi badé njekolahaken poetranipoen ing H.I.S. awit kedah dateng Brebes oetawi Cheribon. Dateng Brebes sangsaja angébab lampahipoen, sebab tebihipoen saking S. C. S.

Amila sareng wonten ada-ada badé adegiipoen sekolahen H. I. S. P. G. B., sakedap reeg — énggal da-dos, kanti gampil. Ing mangka sa-daja waoe madegipoen sasat namoeng pawitan abab kémawon.— Inggih saking actief-ipoen voorzitter Comité Pendirian H. I. S. waoe ngoerban-akan tenaga lan pikiran miwah banda lan pendoedoek pantjén sampoen ngelak dateng onderwijs. H. I. S. taksih dipoenadjengi Volk. Soe-manga dipoenpirsani ing doesoen Ketangoengan sampoen wonten H. I. S. (P. G. B.) moeridipoen wekdal poenika boten kirang saking 100, sa ged mawi goeroe 2.— Malah ngan-tois nolak - nolak moerid.—

Soemangga tjabang sanésipoen..... Leres saestoe, Volk ngelak onder-wijs, H. I. S. taksih dipoenadjengi volk Sadérak Katholiek, soemangga énggal njamboet damel. Boten perloe kekatahen theorie, nak-niek, bekerdja lebih doeloe — Nat. onderwijs Stichting „Trijoso,” soemangga koela ngadjeng - adjeng sa-geet, énggal toemandang lang-koeng roemijn.

Namoeng semanten.

Taklim koela ingkang kepentjil. Aksamanta.

S.

CORRESPONDENTIE.

V. Lith - Stichting, P. S. A. ing B., Laré Pening, kita sampoen tampil document pan-djenengan. Saréning datengipoen radi kasép, kedah kasaréhaken roemijn doemoe-gi minggoe ngadjeng. Red.

M. S. Marjahardjana, Dj. S.: Soembangan kaggé k. Merapi inggih sampoen katampi. Minggoe ngadjeng badé kita patjak.

Para abonné lan para Zelatour, jén paring namaning abonnement, moegi karsaa paring nama kados nalika kalebataken dados abonné. Dados jén soewaoe ngagam nama sepoeh, sapoenika oegi ngagema nama sepoeh: kedjawi jén badé karsa njantoeni adres. A d.m.

*) Ing pasisir Lér, tijang Djawi migoenakken temboeng Man, wantjahan saking paman: bek: saking bibék oet. bibi. Red.

Manoet kabar, padoesan Boeda-pest waoe betahipoen arta f 850.000, ingkang medal bank Burgers f 450.000,— ingkang f 400.000 ka-sadé wonten poendi, kirang terang.

Lah kok boten kapasrahaken dateng bank Burgers sedaja?"

Saged oegi bank Burgers boten poeroen, ngertos jén tanggelenipoen kirang rosa Isp.

Kados déné mitra Bandoeng lan Moentilan waoe, oepami A (ing Bandoeng) betah arta f 150 lan taksih titip fiets ing mitraniipoen B (Moentilan) merk Rover.

A trijos mekoten: mas B akoe boetoeh f 350,— golèkna oetangan ing Hartadaja.

B manah mekoten: akoe koedoe noeloengi A awit mitra betjik, na-ning pité moeng rega f 160. Akoe ora wani nggolékaké oetangan nganti loewih saka f 150.

B ladjeng mangsoeli mekoten: Akoe isa mas njetijaraké, nanging moeng f 150,— apa slirané maram?

A mangsoeli: hija!

Lah poenika gambaripoen, A waoe padoesan ing Budapest, B bank Burgers ing den Haag.

Saged oegi A ladjeng manah ma-ke-ton: o, hija ana Kartasoera, akoe doewé omah, tjoba mas tjarik tak djaloekan foeloeng.

Makaten gambaripoen; sarta réhning samboetanipoen padoesan waoe ageng, ladjeng nama obligatie; (adat obligatie poenika kapetjah dados serat pengaos f 1000 satoenggal, jén obligatie Pamaréntah Indonesia satoenggal pangaos f 1000, f 500, lan f 100).

Saminipoen Indonesia, taoen 1915 sampoen damel samboetan f 62.500.000 sareman 5%, kapetjah dados serat pengaos f 1000, f 500, f 100. Samboetanipoen poenika ka-sadé wonten Indija lan Nederland.

1916, damel samboetan malih, agengipoen f 8.000.000 sareman 5%, oegi kasebar ing Indija lan Nederland, kabagé dados serat-serat prata-dan agengipoen f 1000, f 500, f 100.

1917: f 500.000.000 oegi kawedalaken ing Indija lan Nederland, sareman 5%, satoenggal serat regi f 1000, f 500, f 100.

1919: f 180.000.000, sareman 6%, kasebar lan kabagé kados taoen '15, '16, '17.

1921 (a) f 75.000.000 sareman 7%, kawedalaken ing Nederland tok; (sa-mi-sami obligatie Ind. Ned. obligati-e 1921-a poenika saremanipoen i nggil pijambak!)

1921 (b) f 56.000.000 kasebar ing Indija lan Nederland.

1921 (c) 5.000.000 pondsterling, oetawi watas 60.000.000 roepijah, kawedalaken ing Inggris, sareman 6%, loemantar Hambros bank Ltd., lan Lazord Brothers & Co. Ltd., London. Wonten ngrika obligatie poenika kapetjah dados regi 1000, 500, 50 lan 20 pondsterling (1 pond-sterling kaanggep f 12). Lan obligatie poenika wiwit kasadé taoen 1923; (kaseboet obligatie 1921, awit medaliipoen pikekah oetawi wet ing taoen waoe).

1921 (d) 25.000.000 dollar, sareman 5 1/2%, loemantar bank Quar-anty Trust of New York. Won-tent ngrika samboetan poenika ka-petjah dados obligatie pengaos 1000 lan 500 dollar, lan saweg wiwit kawedalaken taoen 1923.

Doemoegi ngriki tjeta jén Indonesia iwoet anggénipoen pados samboetan. Boten namoeng ing Nederland lan Indija tok, nanging ngantos doemoegi London lan New York sarta saben taoen adjeg damel samboetan.

„Kok boten pados samboetan dateng Tokyo pisan?”

O, wonten wadosipoen prijantoon, bab politiek!

„Obligatie kok kapetjah poenika kados - poendi?”

Mekaten: tijang pados samboetan f 40.000.000 roepijah, poenika poe-napa saged angsal saking tijang s a t o e n g g a l ? rak boten. Ladjeng karéka, damel serat pinten - pinten èwoe, ngakeni njamboet f 1000, f 500 lan f 100, ngantos sedaya goenggoeng f 40.000.000. Lah, saben tijang dipointawèni: kowé arep ngoetangi akoe? pira? f 1000! hija! f 500? enja pratandané! f 20.000? enja pratandané, 20 X f 1000? enja

lan sapitoeroetipoen. Dados rikat angsalipoen arta.

Bab rékanipoen damel obligatie dinten wingking kaeoeler malih. Sapoenika ngladjengaken Indische Leening.

Taoen 1922 minister van Koloniën njebar serat samboetan malih toe-mpar Indija wonten ing U. S. A. sadaja ngantos nglempak pengaos 100.000.000 dollar saremanipoen 6% loemantar bank Quaranty Trust of New York, regining obligatie 1000 lan 500 dollar.

Taoen 1923 damel samboetan malih A. B. C. D. pengaos: f 65.000.000; 6.000.000 p. st.; 25.000.000 dollar lan f 75.000.000. Saremanipoen 5, 5 1/2 lan 6%.

Doemoegi samanten pratélanipoen samboetanipoen tanah Indija doe-moegi taoen 1923.

Dados oepami pandjenengan ke-péngin njimpin arta kanti sareman 6% setaoen, kenging takén kémawon dateng bank: akoe toekoe obligatie Indische Leening 1923 D oetawi Indische Leening 1919.

Jén leening 1919 wonten regi f 1000, f 500 lan f 100. Jén 1923 D namoeng regi f 1000 lan f 500.

Dados jén namoeng kagoeng-ang arta f 100 boten saged moendoet obligatie 1929 D. Toer mbajaripoen boten f 1000 trep, saged oegi f 104,50 oetawi f 105, manoet koers ing diten waoe.

Kados Ind. Leening 1923 A (5%) kala 21 November '30 koersipoen 101 1/2. Dados ingkang pengaos f 100 regi f 101,50; ingkang f 500 regi f 507,50; ingkang f 1000 regi f 1015. (Wonten koran Indische Leening katjekak I.L., ingkang dollarleening katjekak D.L. oetawi S. leening, i.p. Indische Leening ingkang kasebar ing U. S. A.; sadaja leening temtoe kati-jetakan taoen, sareman lan serienco A.B.C. oetawi D.).

— Sigeg. —

Samanten roemijn, minggoe tjan-dakipoen ngrembag jén salah sa-toenggiling kaboedidajan badé pados samboetan alias badé damel obli-gatie.

ANDAJA.

ADEGIPOEN CREDIET COÖ-PERATIE ING KALIBAGOR.

Saking ichtijaripoen kantja prijantoon warni - waroi, ing Kalibago-r, nalika tanggal 7 December 1930 ing rikoe saged kaadegaken satoenggiling Crediet Coöperatie. Nalika pepanggihanipoen manggén wonten ing grijanipoen sad. Reksajoewono (Mantri goeroe Kalibago-r), mawi dipointadengi prijantoon am-betara Coöperatie lan wakiling be-badan weeker bestrijding, preloe dipointeoewenoen seserepan bab Coöperatie lan weeker bestrijding waoe.

Sareng sampoen mirengaken se-sonar-sesoral kasebat nginggil, la-djeng netepaken ing bab adegiipoen Crediet Coöperatie waoe, nalika samanten ingkang nedá dados lid wonten 42, poenika saking golongan warni-warni (B. B.; S. f.; goeroe lan poenggawa doeso).

Wondéne dedapoekan ing bestuur: 1. A. Darmasiswa (goeroe ban-toe) pangarsa. 2. R. Soewardja (.....) moeda pangarsa. 3. W. Kartowardjo (goeroe ban-toe) panitra. 4. R. Samodra (magazijnmeester) hardana.

5. sad. Risan 6. " Dipasoekarsa 7. " Karnoe 8. " Disam 9. " Martawiredja } warga noepika

Coöperatie waoe antjasipoen njam-boeti j tra dateng lidipoen manawi preloe. Wondéne angslipoen kapi-taal sarana njadéndamel aandeel, saben lid katemotakken kedah toembas aandeel ingkang agengipoen f 25 (selangkoeng roepijah). Andeel sa-manten waoe kenging katjitiil, apesipoen f 1 (saroepijah) ing saweo-lanipoen. Doemoegi titi poenika lidipoen saja wewah-wewah sadjak amaremake. Mangga waton boten sakit bosen kémawon.

Kalibago-r

PÉLOG.

Coöperatie waoe antjasipoen njam-boeti j tra dateng lidipoen manawi preloe. Wondéne angslipoen kapi-taal sarana njadéndamel aandeel, saben lid katemotakken kedah toembas aandeel ingkang agengipoen f 25 (selangkoeng roepijah). Andeel sa-manten waoe kenging katjitiil, apesipoen f 1 (saroepijah) ing saweo-lanipoen. Doemoegi titi poenika lidipoen saja wewah-wewah sadjak amaremake. Mangga waton boten sakit bosen kémawon.

Amila sareng wonten ada-ada badé adegiipoen sekolahen H. I. S. P. G. B., sakedap reeg — énggal da-dos, kanti gampil. Ing mangka sa-daja waoe madegipoen sasat namoeng pawitan abab kémawon.— Inggih saking actief-ipoen voorzitter Comité Pendirian H. I. S. waoe ngoerban-akan tenaga lan pikiran miwah banda lan pendoedoek pantjén sampoen ngelak dateng onderwijs. H. I. S. taksih dipointadengi Volk. Soe-manga dipointadengi saking doesoen Ketangoengan sampoen wonten H. I. S. (P. G. B.) moeridipoen wekdal poenika boten kirang saking 100, sa ged mawi goeroe 2.— Malah ngan-tois nolak - nolak moerid.—

Kentjong.

P. Semprot.

Overgeplaatst

van Semarang naar
Pagaralam Palémbang en
verhinderd om afscheidsbe-
zoeken af te leggen.

dr. R. V. SOEDJITA DWIDJA